

# EKIP COVID NAN ESPAS TRAVAY LA KONSANTRE SOU TRAVAYÈ AGRIKÒL YO



## KONSEY SANTE POU TRAVAYÈ AGRIKÒL YO



Mete mask andedan kay  
lè ou santi w malad.



Rete ajou avèk vaksen w ak  
rapèl kont COVID-19 yo.



Fè amplwayè w la konnen  
lè w malad.



Kouvri bouch ou lè w ap  
touse oswa estènen.

## KIYÈS NOU YE

Pwodiktè Pennsilvani yo konnen fòk gen yon ekip pou kenbe travayè migran h2a yo, travayè kan travay agrikòl sezonye yo (SFLC), ak travayè ki pa pale anglè yo an bòn sante. Nou la pou ede yo. Ekip COVID-19 Biwo Epidemiyoloji nan Espas travay la bay resous sante gratis a fèm agrikòl ak vèje Pennsilvani yo.

## KISA NOU FÈ

Ekip COVID-19 nan Espas Travay la sipòte sante travayè fèm yo pou yo ka gen posiblite aprann kijan [COVID-19](#) la simaye, kijan yo ka anpeche li, ak kijan pou yo kenbe tèt yo, fanmi yo ak kominote an bòn sante.

Souvan, travayè fèm yo travay yon kote sèlman pandan yon tan ki kout epi yo souvan pataje lojman ki ka rann li konplike pou anpeche moun malad yo enfekte lòt moun. Li enpòtan pou rasanble konsèy, founiti ak zouti anvan yon epidemi fè aparision l.

Travayè yo ka pa pale anglè epi souvan yo gen diferan kapasite lekti, sa ki ka rann li difisil pou kominike sou kesyon ki konplèks. Pou konble vid sa a, ekip an chaj espas travay la kapab bay ak kreye mesajri sante COVID pou òganizasyon ki sipòte travayè migran h2a yo ak travayè fèm ki pa pale anglè nan plizyè lang epi avèk grafik vizyèl.



## KISA NOU OFRI

Konsiltasyon Sante  
Piblik Gratis

Kowòdinasyon  
vaksinasyon ak rapèl  
kont COVID-19

Tradiksyon  
materyèl edikatif  
nan anpil lang

kit pou tès  
COVID-19  
adomisil, mask ak  
dezenfekstan pou  
men

## POU FÈ YON DEMANN OSWA JWENN PLIS ENFÒMASYON:

 **1-877-PA-HEALTH** (1-877-724-3258)

 [ra-dhworkplace\\_epi@pa.gov](mailto:ra-dhworkplace_epi@pa.gov)

 [Businesses\\_\(pa.gov\)](http://Businesses_(pa.gov))